

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Pendidikan mangrupa tarékah pikeun mekarkeun jeung ngabina poténsi sumber daya manusa ngaliwatan sababaraha kagiatan pangajaran anu dilaksanakeun dina jenjang pendidikan ti tingkat dasar, menengah, jeung paguron luhur. Pendidikan di sakola ngabogaan tujuan pikeun ngarobah siswa sangkan meunangkeun jeung ngabogaan pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep diajar salaku bentuk *perilaku* diajar, nepi ka tujuan pendidikan kahontal (Margono, 2004). Ku ayana éta tujuan, mutu pendidikan bakal bisa ditingkatkeun.

Dina mangsa global, téhnologi geus mangaruhan sagala aspék pendidikan, ku kituna informasi jadi leuwih babari dimeunangkeun, dipiharep siswa leuwih aktip dina hal anu ngalibetkeun inteléktual jeung émosional dina prosés pangajaran. Kaaktipan siswa di dieu ngawengku kaaktipan méntal jeung pisik. Guru sakuduna teu ngan saukur fokus kana hiji sumber informasi hungkul. Rasa éra anu sering muncul ti diri siswa, nyababkeun kondisi kelas anu teu aktip anu ahirna ngalantarankeun handapna préstasi diajar siswa. Ku kituna, diperlukeun ayana tarékah pikeun nimbulkeun kaaktipan kalawan ngayakeun komunikasi, nya éta guru jeung siswa sarta siswa jeung siswa deui.

Tantangan pikeun ningkatkeun mutu pendidikan anu bakal mampuh ningkatkeun kualitas manusa jeung ningkatkeun mutu kahirupan kudu dilakonan, boh

ku pendidikan di sakola boh pendidikan di luar sakola. Lantaran konci pikeun kasuksésan hiji bangsa nya éta sumber daya manusa. Ngawangun sumber daya manusa anu miboga kualitas ieu bakal dilaksanakeun ngaliwatan sababaraha cara anu di antara widang pendidikan (Yahya, 2003).

Pendidikan anu miboga mutu nya éta pendidikan anu bisa ngahasilkeun lulusan anu ngabogaan kamampuh dasar pikeun diajar, anu ahirna bisa jadi “obor” dina *pembaruan* jeung parobahan. Dina ningkatkeun mutu pendidikan bisa dilakukeun ku sababaraha cara, misalna mekarkeun jeung menerkeun kurikulum, *penataan* guru, ngayakeun buku pangrojong, jeung ngabebenah métode pangajaran.

Dina hakékatna pangajaran nya éta interaksi atawa hubungan timbal balik antara guru jeung siswa dina situasi pendidikan. Ku kituna, guru ditungtut sabar, rajin, jeung sikep anu *terbuka* disagigireun kamampuh dina situasi pangajaran anu leuwih aktip. Kitu ogé ti pihak siswa anu ditungtut ayana sumanget jeung pangrojong pikeun diajar. Dina prosés pangajaran pasti aya sababaraha kahéngkéran anu mangaruhan hasil diajar siswa. Tina hasil observasi, kapaluruh yén prosés pangajaran basa Sunda, hususna maca, di kelas IX-1 SMP Negeri I Leuwiliang Kabupatén Bogor taun ajaran 2010/2011 aya sababaraha kahéngkéran-kahéngkéran, nya éta:

- 1) siswa kurang merhatikeun *penjelasan* guru dina unggal pangajaran;
- 2) konséntrasi siswa kurang fokus kana pangajaran basa Sunda;
- 3) kurangna kasadaran siswa kana pangajaran basa Sunda, hususna maca.

Kahéngkéran-kahéngkéran di luhur mangrupa masalah desain jeung stratégi pangajaran di kelas anu penting jeung ngadesek pikeun diréngsékeun. Ku kituna

pamilihan métode jeung modél pangajaranna kudu disaluyukeun kana matéri pangajaran jeung saha anu diajarna (kelompok atawa individu).

Dina dasarna teu aya métode atawa modél pangajaran anu ampuh, sabab unggal modél jeung métode pasti ngabogaan kaleuwihan jeung kahéngkérán. Ku kituna, dina pangajaran bisa digunakeun sababaraha métode atawa modél, saluyu jeung matéri anu diajarkeun. Robert Slavin (2008), nétélakeun aya sababaraha jenis pangajaran kooperatif di antarana: *Student Teams Achievement Devisions* (STAD), *Teams Games-Tournament* (TGT), *Jigsaw*, *Team Acceterated Instruction* (TAI), jeung CIRC (*Cooperative Integrated Reading and Composition*).

Aya opat rupa kaparigelan anu kudu dikawasa siswa ti mimiti wanoh ka dunya pendidikan, nya éta kaparigelan ngaregepkeun, kaparigelan nyarita, kaparigelan maca, jeung kaparigelan nulis; éta kaopat kaparigelan téh biasa disebut opat kaparigelan makéna basa. Ku cara ngawasa kaopat kaparigelan tadi, hususna maca jeung nulis, ahirna nyababkeun ayana kamampuh awal, ieu hal anu jadi dadasar munculna modél *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC). Kamekaran CIRC asalna tina analisis masalah-masalah anu muncul dina pangajaran maca, nulis, jeung gaya basa sacara konvénsional.

CIRC kaasup kana salah sahiji tipe modél *Cooperative Learning*. Modél CIRC, awalna mémang pikeun dilarapkeun kana pangajaran basa. Siswa dibagi jadi kelompok leutik, anu satuluyna unggal kelompok/siswa dibagikeun hiji téks atawa wacana, unggal siswa di jero kelompok latihan maca atawa silih macakeun, maham

ide pokok, silih menerkeun, jeung nulis ihtisar carita atawa méré tanggepan kana eusi carita, sarta pikeun nataharkeun pancén ti guru.

Dina modél pangajaran CIRC, siswa dibagi jadi kelompok leutik anu hétérogén anu unggal kelompokna diwangun ku 4-5 urang siswa. Ku cara pangajaran kelompok, dipiharep para siswa bisa ningkatkeun kamampuh mikirna, leuwih kréatip, jeung numuwuhkeun solidaritas anu luhung. Salah sahiji ciri pangajaran kooperatip nya éta kamampuh siswa pikeun gawé babarengan dina kelompok leutikna. Unggal anggota kelompok ngabogaan pancén anu sarua, lantaran dina pangajaran kooperatip kabhasilan kelompok kacida diperhatikeunna, ku kituna siswa anu pinter miboga tanggung jawab pikeun mantuan babaturanna anu lemah di kelompokna. Jadi, siswa anu pinter bisa mekarkeun kamampuhna jeung kaparigelanna, ari siswa anu lemah bakal ngarasa kabantuan dina maham masalah anu kudu diréngsékeun di kelompokna.

Hasil panalungtikan anu dilakukeun ku Hanik Yuni Alfiyah, *Peningkatan Language Skills melalui Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC) dalam Pembelajaran Bahasa Indonesia di SD Muhammadiyah Demangan Yogyakarta*, nyindekkeun yén modél CIRC bisa ningkatkeun kamampuh siswa dina kaparigelan makéna basa. Salian ti éta, hasil panalungtikan anu dilakukeun ku Yuliana Astuti ngeunaan *Peningkatan Kemampuan Membaca Pemahaman melalui Model Pembelajaran Tipe Cooperative Integrated reading and Composition (CIRC) pada Siswa Kelas V SD Negeri Beji Kecamatan Andong Kabupaten Boyolali Taun Ajaran 2009/2010*, nyindekkeun yén modél pangajaran CIRC bisa ningkatkeun

kaaktifan siswa dina diajar, hususna diajar maca pamahaman. Anu pamungkas nya éta hasil Panalungtikan anu dilakukeun ku Siti Hanifah, ngeunaan *Éféktivitas Modél CIRC dina Pangajaran Maca jeung Ngapresiasi Dongéng Siswa Kelas VIII SMP PGRI 384 Réndéh Taun Ajar 2006/2007*, anu nyebutkeun yén model CIRC éféktip pikeun digunakeun dina prosés pangajaran sangkan pangajaran bisa lumangsung kalawan lancar.

Ku cara ngalarapkeun pangajaran anu ngagunakeun modél saperti di luhur, nya éta geus diciptakeun hiji kagiatan atawa suasana anu kooperatif jeung komunikatif dina prosés pangajaran, siswa dibéré kasempetan pikeun ngawangun pangaweruhna. Hartina siswa kudu dilibetkeun sacara aktip dina kagiatan pangajaran, nyalurkeun kamampuhna dina ngawangun pangaweruh, sarta miboga tanggung jawab kana naon anu dilakukeunna. Guru teu dominan teuing dina prosés pangajaran, anu biasana nyajikeun pangaweruh dina wangun anu siap ka siswa anu bakal narima kalawan pasip.

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur panalungtik ngarasa perlu ngayakeun panalungtikan anu judulna “*Modél Cooperative Integrated Reading and Composition pikeun Ningkatkeun Kamampuh Maca Sajak (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas IX-1 SMP Negeri 1 Leuwiliang Kabupatén Bogor Taun Ajaran 2010/2011).*”

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur yén ieu panalungtikan téh diwatesanan kana ngalarapkeun modél CIRC dina ningkatkeun kamampuh maca sajak siswa kelas IX-1 SMP N I Leuwiliang Kab. Bogor Taun Ajaran 2010/2011.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kondisi objéktif di lapangan saperti anu geus ditétélakeun dina kasang tukang masalah di luhur, bisa dirumuskeun masalah anu aya dina ieu panalungtikan, di antarana :

- 1) Kumaha rarancang modél CIRC pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca sajak siswa kelas IX-1 SMP N I Leuwiliang?
- 2) Kumaha prak-prakanna ngajarkeun maca sajak ka siswa kelas IX-1 SMP N I Leuwiliang Kab. Bogor Taun Ajaran 2010/2011 ngagunakeun CIRC ?
- 3) Kumaha kamampuh maca sajak siswa saméméh jeung sabada dilarapkeun modél CIRC?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan ieu panalungtikan nya éta ningkatkeun kamampuh maca sajak dina pangajaran basa Sunda kelas IX SMP Negeri I Leuwiliang Taun Ajaran 2010/2011,

sangkan pangajaran basa Sunda bisa leuwih dipikaresep jeung nimbulkeun kréatifitas siswa.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan ogé miboga sababaraha tujuan husus, nya éta:

- 1) medar kumaha rarancang ngajarkeun maca sajak ka siswa kelas IX-1 SMP N I Leuwiliang Kab. Bogor Taun Ajaran 2010/2010 ngagunakeun CIRC;
- 2) medar kumaha prak-prakanana ngajarkeun maca sajak ka siswa kelas IX-1 SMP N I Leuwiliang Kab. Bogor Taun Ajaran 2010/2010 ngagunakeun CIRC; jeung
- 3) medar kumaha hasil diajar maca sajak siswa kelas IX-1 SMP N I Leuwiliang Kab. Bogor Taun Ajaran 2010/2011 saméméh jeung sabada dilarapkeun modél CIRC.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh di antarana mangpaat anu sipatna tioritis sarta mangpaat anu sipatna praktis.

1.4.1 Manfaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa méré sumbang pikiran kana élmu pangaweruh dina hal nyiptakeun stratégi pikeun bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda, utamana pangajaran maca.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan ogé dipiharep miboga mangpaat anu sipatna praktis:

- 1) pikeun panalungtik: ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh ngeunaan stratégi modél pangajaran anu bisa ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman siswa;
- 2) pikeun guru: pikeun nambahan alternatif stratégi pangajaran maca.
- 3) pikeun siswa: bisa diajar maca kalawan pikaresepeun, kréatip, jeung maham eusi bacaan;
- 4) pikeun mahasiswa jurusan basa daérah: hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun dadasar pikeun panalungtikan saterusna.

1.5 Anggapan Dasar jeung Hipotésis

1.5.1 Anggapan Dasar

Dina ieu panalungtikan panalungtik baris nétélakeun anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan, di antarana

- 1) pangajaran maca ngaliwatan modél CIRC miboga tujuan sangkan apal kumaha kamampuh nyangking eusi bacaan murid nalika maca;
- 2) maca sajak mangrupa salah sahiji pangajaran anu ditepikeun di SMP anu aya dina standar kompetensi maca (KTSP).

1.5.2 Hipotésis Tindakan

Hipotésis awal tina ieu panalungtikan nya éta “Lamun dilarapkeun modél CIRC dina ngaronjatkeun pangajaran maca sajak, kamampuh maca sajak siswa kelas IX-1 SMP N I Leuwiliang Kab. Bogor taun ajaran 2010/2011 bisa ningkat.”

1.6 Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan tindakan kelas (PTK), anu miboga tujuan pikeun nala'ah jeung ngaréfléksikeun sacara kolaboratip hiji pamarekan pangajaran anu tujuanana pikeun ningkatkeun prosés pangajaran di kelas. PTK nya éta panalungtikan anu dilakukeun ku guru di jero kelas ku cara ngararancang, ngalaksanakeun jeung ngaréfléksikeun tindakan sacara kolaboratip jeung partisipatip anu tujuanna pikeun ngabebenah kinerja salaku guru sangkan hasil diajar siswa bisa ngaronjat (Mundilarto, 2004:1).

1.6.1 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan anu digunakeun nya éta tés kamampuh siswa, observasi, jeung wawancara.

1.6.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta lambaran tés (soal) jeung lambaran observasi aktivitas guru jeung siswa, lambaran format wawancara.

1.6.3 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data ieu panalungtikan nya éta siswa SMP N I Leuwiliang kelas IX-1 kalawan jumlah siswa 43 urang, anu ngawengku 20 siswa awéwé jeung 23 urang siswa lalaki.

